

Prepare pou Premye jou lekòl!

Men sa pou fè pou byen kòmanse ane lekòl la:

☐ Mete enfòmasyon sou jan pou yo kontakte w ajou.

Pa rate mizajou ki enpòtan ki soti nan Lekòl leta Vil Nouyòk ak nan lekòl pitit ou a! Ou ka mete enfòmasyon pou yo kontakte w yo ajou sou entènèt nan kont lekòl Vil Nouyòk (NYC Schools Account, NYCSA) ou a, oswa ranpli fòm kontak nan ka ijans lekòl ou a bay la. Si w poko gen yon kont lekòl NYC, ale sou schools.nyc.gov/NYCSA pou konnen kòman pou kreye youn.

☐ Ale ka doktè pou fè yon egzamen medikal.

Èske pitit ou a ap kòmanse lekòl oswa gadri pou premye fwa? Avan lekòl kòmanse, asire pitit ou a fè yon egzamen medikal konplè kay yon doktè, ke y ap dokimante nan fòm egzamen sante pou timoun ak adolesan (Child and Adolescent Health Examination Form) **(CH205)**. Fòm sa disponib pou telechaje nan schools.nyc.gov/schoolhealth.

☐ Asire tou pitit ou a ajou nan tout vaksen ki obligatwa yo.

Lalwa sou sante pipblik eta Nouyòk egzije pou elèv pran kèk vaksen pou yo ka ale nan gadri oswa lekòl. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou vaksen ki obligatwa yo nan schools.nyc.gov/immunization. Nou rekòmande tou pou tout Nouyòkè mete yo ajou avèk vaksen COVID-19. Ale sou vaccinefinder.nyc.gov oswa rele nan 877-829-4692 pou jwenn yon adrès ki bay vaksen bò lakay ou.

☐ Gade kalandriye lekòl NYC pou ane 2024–25 lan.

Gade dat enpòtan yo epi jwenn dokiman ou ka enprime nan plizyè lang pou ane lekòl 2024–25 la nan schools.nyc.gov/calendar.

☐ Gade opsyon mwayen transpò ak elijiblite pitit ou a.

Gen plizyè opsyon diferan ke pitit ou a ta ka itilize pou ale ak soti lekòl la chak jou, tou depann de elijiblite li. Si w poko fin sèten kòman pitit ou a pral ale lekòl ane sa a, ale nan schools.nyc.gov/transportation pou plis enfòmasyon sou opsyon mwayen transpò ak elijiblite. Si yo bay pitit ou a sèvis otobis, ou ka gade trajè li a, ansanm avèk lè pou pran l ak depoze li, nan Kont Lekòl Nouyòk ou a.

☐ Prepare founiti klasik pitit ou a.

Pwofesè oswa lekòl pitit ou a ka voye ba ou yon lis materyèl lekòl yo rekòmande pou nouvo klas pitit ou a, ansanm avèk yon orè pou premye jou lekòl. Asire w pitit ou a konnen kisa pou l atann nan premye jou yo, epi li gen founiti klasik li tou pare pou l travay. Nou sijere tou pou mete etikèt sou afè pitit ou a (sa vle di rad gym, boutèy dlo, bwat kreyon, etc.) pou asire yo ka retounen yo ba ou si li pa wè yo!

☐ Fikse yon lè regilye pou ale kouche ak yon woutin nan maten avan premye jou lekòl la.

Fè timoun ou yo adapte yo avèk yon bon orè regilye pou yo ale dòmi avan septanm lan rive pou ka asire yon tranzisyon andousè pou nouvo ane lekòl la. Apresa, kèk jou avan lekòl kòmanse, pratike woutin w ap atann pou fanmi w suiv lè maten an, tankou prepare, manje manje maten, ak fè trajè pou rive lekòl pitit ou a.

❑ **Preparasyon pou lekti.**

Youn nan pi bon bagay yon timoun ka fè pou ede prepare tèt li pou ane lekòl k ap vini an se li yon liv! Timoun ki li oswa moun lakay yo li pou yo, pi byen prepare pou aprann nan salklas la. Eksplòre resous aprantisaj nou yo pou fanmi—ki gen ladan kat pou enprime, lis liv pou fè lekti yo rekòmande, ak plis ankò—epi aprann plis sou e-liv gratis pou elèv Lekòl Leta Vil Nouyòk atravè aplikasyon Sora nan schools.nyc.gov/literacyresources.

❑ **Kontakte kowòdonatè paran lekòl ou a.**

Kowòdonatè paran yo ka bay repons pou plizyè nan kesyon ak enkyetid ki gen rapò avèk lekòl. Sèvi avèk zouti pou chèche lekòl (Find a School) nan schoolsearch.schools.nyc oswa rele lekòl pitit ou a pou jwenn enfòmasyon pou kontakte kowòdonatè paran ou ak lòt estaf lekòl la.

❑ **Poze kowòdonatè paran an oswa direktè a kesyon sou sèvis tradiksyon ak entèpretasyon.**

Lekòl ou a ka ba w sèvis tradiksyon ak entèpretasyon gratis. Jwenn plis enfòmasyon nan men kowòdonatè paran an oswa direktè lekòl ou a, oswa ale sou schools.nyc.gov/hello pou plis enfòmasyon. Pou jwenn sèvis entèpretasyon nan langaj siy ak jès pou bèbè/soud (sign-language, ASL), tanpri rele kowòdonatè paran lekòl ou a oswa voye yon imèl nan OSLIS@schools.nyc.gov.

❑ **Prepare pou aprantisaj adistans nan ka bilding lekòl yo ta fèmen pou move tan oswa pou ka ijans.**

Si bilding lekòl leta Vil Nouyòk yo dwe fèmen akòz move tan, elèv yo pral patisipe nan aprantisaj adistans lakay yo. Prepare pou gen yon aparèy elektwonik ki gen entènèt, founiti klasik, ak yon espas ki la pou pitit ou a travay. Si pitit ou a gen yon Kont elèv DOE, konfime ke li kapab konekte epi jwenn aksè nan zouti sou entènèt li ka itilize pou travay lekòl yo. Ale sou schools.nyc.gov/digitallearning pou jwenn resous ak enfòmasyon pou ede w prepare pou jou aprantisaj adistans.

**Nou pa ka tann pou nou wè w nan premye jou lekòl la, ki se
jedi 5 septanm!**